

.....

CHAPIT 2

Tretman pwoblèm lasante

Nan chapit sa a:

Chache jwenn kisa ki lakòz pwoblèm lasante.....	13
Chache jwenn tretman ki pi bon.....	16
Avantaj ak dezavantaj.....	16
Kalite medikaman.....	17
Konnen limit ou.....	20
Chache jwenn rasin pwoblèm lasante yo.....	21
Pote chanjman nan kominote a pou evite pwoblèm lasante.....	23
Fanmsaj ka pote chanjman.....	25

Trete pwoblèm lasante



Pifò travay fanmsaj yo fè chak jou se trete pwoblèm lasante. Lè yon fanm w ap bay laswenyay gen yon pwoblèm, pa egzanp li santi l about, li gen doulè nan vant, oswa l'ap bay anpil san, li nesèsè pou swiv etap sa yo ke nou pral site la a pou rezoud pwoblèm nan:



1. Chache jwenn egzatteman kisa ki lakòz pwoblèm nan.
2. Chwazi tretman ki pi bon an.
3. Chache jwenn rasin pwoblèm nan – pou pwoblèm nan ka byen regle oswa pou evite lòt pwoblèm konsa pa rive ankò.

Chache jwenn kisa ki lakòz pwoblèm lasante

Nan pati sa a, nou rakonte fason yon fanmsaj ki rele Selès rezoud yon pwoblèm lasante. Tout detay istwa a rive nan ka Selès la sèlman; sepandan, pou kèlkeswa kalite pwoblèm lasante, nenpòt fanmsaj ka sèvi ak menm fason Selès aji a epi fason li fè tèt li travay pou l rezoud pwoblèm nan. Nou ekri yon lis de tout etap Selès swiv, ou ka sèvi ak menm lis sa a tou.

1. **Kòmanse ak yon dout.** Sa vle di kòmanse pa admèt bagay kisa ou pa konnen.
2. **Panse ak tout rezon posib.** Souvan gen anpil pwoblèm ki ka fè moun santi yo malad.
3. **Chache siy pou wè kisa ki ta ka lakòz sa.** Pwoblèm lasante bay siy. Ou ka wè siy sa yo nan fason yon moun santi l, fason kò l ye, epi lè l fè tès medikal.
4. **Deside kisa ki te ka plis lakòz sa.**
5. **Wè ki plan ou ta dwe fè.** Li kapab yon plan pou chanje abitud yon moun, pou chanje yon bagay kote y'ap viv la, oswa bay yon remèd.
6. **Chache wè si sa bay rezilta.** Chache konnen si tretman w nan mache. Si sa pa mache, rekòmanse ak menm etap sa yo.



Men etap Selès swiv pou l jwenn sa ki lakòz


1. Kòmanse ak yon dout.

Yon jèn fanm ansent ki rele Elena ale chache laswenyay lakay fanmsaj li, ki rele Selès. Pandan konsiltasyon an, Elena di ke li santi l toujou fatige.

Premyèman, Selès admèt ke li pat konnen kisa ki fè Elena fatige.


2. Panse ak tout rezon posib.

Selès konnen ke gen anpil bagay ki ka lakòz fatig. Kèk nan rezon ki pi komen yo se maladi, travay di, pa dòmi ase, estrès, ak anemi.



3. Chache siy pou wè kisa ki ta ka lakòz sa.

Pou Selès ka jwenn plis sou zafè fatig la, li poze Elena kesyon.



Aprè sa Selès mande Elena ki manje l abitwe manje. Elena di leplisouvan li manje mayi moulen ak pwa chak jou. Aktyèlman, se sitou mayi. Elena ap plenyen ke vyann twò chè.


Selès kontwole siy kò Elena. Pòpyè je Elena ak jansiv li pal; poul li fèb epi lap bat vit – tout sa se siy anemi.

4. Deside kisa ki te ka plis lakòz sa.

Selès pat ka fè yon tès san pou l ta pi sèten, paske pa gen laboratwa nan zòn nan, men tout lòt siy yo moutre ke li pwobab pou Elena gen anemi.

5. Wè ki plan w dwe fè.

Selès eksplike Elena ke anemi ka lakòz fatig, epi sa lakòz li vin difisil pou yon fanm reprann kò li apre akouchman – sitou si fanm nan senyen anpil. Li di Elena ke anemi vle di ke pa gen ase fè nan san an; men leplisouvan se manje ki gen anpil fè ak pwoteyin, oswa grenn (konprime) ki gen fè ladan yo ki geri anemi.



6. Chache wè si sa bay rezilta.

Lè Elena tounen pou yon lòt konsiltasyon, Selès tcheke pou wè si gen siy anemi. Piske Elena manje pi byen, li sanble l fè mye kounya a. Si Elena pat fè mye, Selès tap konseye l pran grenn (konprime) ki gen fè ak asid folik.

6 mach a swiv sa yo ap ede w rezoud pifò pwoblèm lasante.

—● **Nòt:** « Kòmanse ak yon dout » se bagay ki difisil anpil pou pifò travayè medikal. Anpil travayè medikal pè admè lè yo pa konnen yon repons. Sepandan, **pou nou ka byen jwenn rasin yon pwoblèm, epi pou trete jan sa dwe ye, nou dwe aksepte sa nou pa konnen.**

Chache jwenn tretman ki pi bon

Kèlkeswa pwoblèm lasante w ap trete, depi nan anemi, jiska tranche twò long rive nan gwo pèt de san, w dwe chache tretman ki gen plis avantaj ak mwens dezavantaj.

Avantaj ak dezavantaj (ris)

Chak lè w pran yon desizyon pou fè yon tretman medikal, ou dwe konsidere avantaj ak dezavantaj.

Avantaj vle di bon rezilta ke yon tretman ka bay. Yon dezavantaj (ris) se danje ke sa ka lakòz. Chak lè w pran yon desizyon, eseye chwazi aktyon ki gen plis avantaj epi mwens dezavantaj.

Annou panse ankò ak Selès epi Elena:

Kisa ki t'ap rive si Elena te toujou fè anemi apre li te fin manje manje ki gen anpil fè, epi apre l te pran konprime ki gen fè? Li menm ak Selès t'ap oblije pran yon desizyon ki difisil.

Selès konnen ke li t'ap pi bon pou yon fanm ki fè yon anemi grav akouche nan yon sant desante ki gen tout bon kalite zouti, olye pou li ta akouche lakay. Konsa, si fanm nan ap pèdi anpil san, l'ap jwen lòt san (transfizyon sangen) touswit. Si Elena pa ta jwenn bon jan swen, li ka santi l feblès anpil apre akouchman an. Feblès sa a ap lakòz Elena gen plis chans pou trape yon enfeksyon. L'ap gen difikilte pou li pran swen fanmi li ak tèt pa l. Epitou, si manman pa ka pran swen tibebe a byen, menm lavi tibebe a ka an danje.


Yon lòt kote, pifò fanm nan vilaj la fè anemi. Sepandan, pifò nan yo pap gen pwoblèm grav apre yo fin akouche. Pou ale lopital la, li pran yon jounen nan wout epi li chè. Fanmi Elena tap oblije depanse preske oswa tout ti lajan yo genyen pou Elena ta al akouche la.

Ke se rete lakay, ke se ale lopital, tout gen avantaj ak dezavantaj. Kisa w ta fè?

Sitou pou medikaman famasi, yo gen ni avantaj ni dezavantaj tou. Menm yon medikaman ki bon anpil pou trete yon pwoblèm lasante ka gen move kote l oswa l ka gen danje. Nan liv sa a, gen pwosedi ak medikaman ki gen anpil dezavantaj. Nou mete yo paske lè yo nesesè anpil anpil, yo ka sove lavi. Sepandan, anvan nou bay yon medikaman, oswa anvan nou fè yon pwosedi andedan kò moun, menm pou pwosedi nan ka dijans tankou retire placenta a (oswa fe delivrans lan) ak men (paj 230) oswa ak (paj 416), ou dwe deside èske'w ka fè li san danje – ak plis avantaj ke dezavantaj.



Lè gen plis avantaj ke dezavantaj, nou dwe pase alaksyon



Kalite medikaman


Toupatou nan lemond, moun sèvi ak anpil kalite mwayen pou fè gerizon:

- **Medikaman tradisyonèl** (ke yo rele remèd fèy): Kalite gerizon sa yo pase nan men medsen fèy granmoun pou ale nan medsen fèy ki pi jèn pandan anpil generasyon. Tretman tradisyonèl sèvi ak manyen (masaj), remèd fèy, ak kominikasyon ak mond lespri a.



Medikaman tradisyonèl, sitou remèd fèy, ka bay bon rezilta. Leplisouvan yo san danje, yo pi fasil, epi yo koute mwen chè pou trete pifò pwoblèm lasante. Epi tou lè lajan an fini, oswa lè gwoup ki t'ap ede yo ale, remèd fèy, teknik manyen an, ak lòt kalite gerizon natirèl ap toujou la.

Lasyans fè tès sou anpil medikaman natirèl. Tès sa yo moutre ke gen kèk medikaman natirèl ki bay bon rezilta, men gen lòt tou ki pa bay bon rezilta; oswa yo bay bon rezilta paske moun kwè nan yo. Gen kèk medikaman natirèl ki lakòz malè oswa ki danjere anpil.



- **Medikaman nan peyi Oksidantal yo** (medikaman ki fèt nan laboratwa): sistèm gerizon sa a repoze sou travay lasyans; li sèvi ak medikaman ki fèt nan manifakti (dwòg), epi ak operasyon pou trete pwoblèm lasante.
- **Sistèm peyi nan Oryantal**, pa egzanp akiponkti, ayurveda, ak omeyopati (acupuncture, ayurveda, homeopathie) : sistèm gerizon sa yo ka gen a anpil milye lane depi moun ap sèvi ak yo, anseye yo nan lekòl, epi lasyans ka menm teste yo. Anpil nan sistèm sa yo sèvi ak remèd fèy tou.

Yon sèl moun gen dwa ap sèvi ak plizyè nan kalite gerizon sa yo.

Pa gen ase plas nan liv sa a pou nou ta byen dekri chak sistèm gerizon. Sa ki enpòtan pou chonje se konnen ke chak kalite gerizon gen avantaj, epi ke nou dwe itilize kèlkeswa kalite medikaman an ak prekosyon.

Medikaman Peyi Oksidantal (Medikaman ki fèt nan laboratwa)

Medikaman ki soti nan peyi Oksidantal yo ka ede sove lavi lè moun sèvi ak yo kòrèkteman. **Avrèdi, lepli souvan remèd peyi oksidantal se pi bon mwayen pou trete ka dijans.** Pa egzanp, lè yon fanm ap pèdi anpil san apre yon akouchman, petèt ka gen remèd fèy nan zòn nan ki ka ralanti pèt de san an. Sepandan, souvan remèd oksidantal yo travay pi byen epi yo pi rapid – gen plis chans pou yo sove lavi yon fanm k’ap pèdi san.

Sèvi ak medikaman peyi oksidantal kòrèkteman

Lasyans teste pifò medikaman peyi oksidantal yo ak anpil prekosyon. Lepli souvan medikaman peyi oksidantal bay bon rezilta nan trete pwoblèm lasante. Sepandan, medikaman sa yo toujou koute chè, genyen ki gen dezavantaj, epi nan anpil sitiyasyon yo pa nesèsè. Pifò ti pwoblèm lasante ka jis trete ak remèd tradisyonèl oswa remèd fèy, osinon w ka jis rete tann li geri pou kont li.

Si w sèvi ak yon medikaman, oswa si ou sèvi ak twòp, sa ka lakòz gwo pwoblèm lasante. Pa egzanp, gen moun ki kwè ke sèlman piki ki ka ede yo lè yo malad.

Leplisouvan moun sa yo te ka geri pi byen si yo pa’t fè anyen; sepandan nan anpil ka, lè piki a pa nesèsè li ka lakòz absè oswa lòt maladi (tankou VIH/SIDA) lè zegwi a pa esterilize. Se sak fè menm si medikaman yo ka sove lavi, nou dwe sèvi ak yo kòrèkteman.



Pran tan pou w esplike poukisa li bezwen medikama.

Liv sa a plis pale de medikaman peyi oksidantal yo (medikaman ki fèt nan laboratwa)

Liv sa a pale plis sou fason yo sèvi ak metòd gerizon nan peyi oksidantal yo. Genyen yon rezon prensipal pou sa: medikaman peyi oksidantal yo disponib nan pifò kote nan lemond. Nou pa twò konnen, ni nou pa gen ase plas pou nou esplike kòman pou nou sèvi ak plizyè milyon remèd fèy ak fason moun sèvi ak yo pou fè gerizon tout kote nan lemond. Donk souple, sèvi ak do liv sa a pou w ekri metòd tradisyonèl ke ou sèvi yo. Sepandan, si w tradwi oswa si w adapte liv sa a, asire ke w ajoute fason yo fè gerizon nan zòn pa w la. Li enpòtan anpil pou w pataje metòd tradisyonèl sa yo pou w ka pa bliye yo!

Chwazi yon medikaman ki ka ede epi ki pa gen danje

Anvan ou bay yon medikaman (medikaman tradisyonèl oswa medikaman ki fèt nan laboratwa), ou dwe sèten ke li ka ede epi li pa gen danje. Pou w konnen si se vre, reflechi sou (epi mande lòt moun) kesyon sa yo:

- Poukisa yo sèvi ak li?
- Kisa k pase lè w sèvi avèk li?
- Chak konbyen tan ou santi li ede ak pwoblèm nan?
- Ki kalite dezavantaj oswa lòt pwoblèm li lakòz?

Lè w eseye yon tretman premye fwa, sèvi ak medikaman an pou kont li, pa melanje l ak lòt tretman. Se konsa w ap konnen si li efikas, oswa si l lakòz pwoblèm. Wè paj 463 pou aprann pi plis sou fason pou evite danje lè w ap sèvi ak medikaman.

Medikaman ak lavaris

Malerezman, gen medsen fèy ak travayè lasante ki motive pa lavaris ak fè lajan. Pou yo fè lajan, yo ka rekòmande yon tretman ki pa nesèsè, ki pa efikas, oswa ki menm danjere. Gen kèk medsen fèy ki pwofite de konfyans ke lòt moun fè yo pou yo vann yo fo medikaman ak medikaman ki pa efikas.

Kèk konpayi ki fè oswa ki vann medikaman sèvi ak repitasyon yo pou yo twompe moun tou. Lè gen famasi ki aji konsa, tout kominote a ka an danje. Pa egzanp, yon faktori medikaman nan Etazini ki rele Eli Lilly te konn fè yon

M fè te ak fèy sa a. Li sanble li toujou ede ak tranche dous.

Mèsi! Men èske li pap bay okenn pwoblèm?



medikaman ki rele **diethylstilbestrol (DES)**. DES ta dwe sèvi pou ede evite foskouch. Sepandan DES pa't ede evite foskouch. Li te lakòz kansè ak defòmasyon nan tibebe. Eli Lilly te konnen ke medikaman an te ka lakòz pwoblèm sa yo, men li kontinye vann li kanmenm. Epi, menm lè medikaman sa a te ilegal nan peyi Etazini, yo te kontinye ap vann li nan lòt peyi.

Konnen limit ou

Konnen ki lè pou w pa fè anyen

Nan liv sa a, nou pale pi plis sou fason pou nou rezoud pwoblèm lasante. Sa enpòtan. Men nan anpil ka, pi bon bagay pou nou fè pou yon fanm ki gen tranche se pa fè anyen! Yon fanm ki an sante gen plis chans pou l fè yon bon akouchman. Pifò akouchman pase byen.

Lè w fè yon pwosedi ki pa nesèsè, sa ka lakòz gwo pwoblèm. Respekte prosesis natirel akouchman an. Lè tout bagay prale byen, jis gade epi ret tann.

Konnen ki lè pou chache jwenn asistans

Kèlkeswa abil ou te ka abil, gen lè w'ap bezwen asistanskanmem. Konnen ki lè pou w chache jwenn konsèy medikal, ki lè pou w chache jwenn asistans nan men yon lòt fanmsaj, ki lè pou w voye yon fanm ale jwenn yon doktè, osinon ki lè pou voye yon fanm nan yon sant medikal, se yon kalite konesans ke tout fanmsaj dwe eseye konnen trè byen.

Li ka petèt difisil pou konnen kilè pou w chache jwenn asistans medikal. Leplisouvan, lopital yo oswa sant desante yo lwen epi yo koute chè. Anpil fanm gen kè sote pou yo ale ladan yo. Yon fanm ki gen yon ti pwoblèm ka deside ret lakay. Li ka pa vle ale nan yon sant desante si sa pa nesèsè. Sepandan si l rete lakay san li pa jwenn asistans, pwoblèm nan ka vin pi grav.

Si w konnen yon fanm genyen yon pwoblèm tankouemoraji, enfeksyon, oswa eklamsi, pa pran reta – chache jwenn asistans medikal. Pi bonè w ale, se plis chans li genyen pou l geri. Gen de fwa ou ka oblije fè prese, gen lòt fwa w ka pa bezwen prese. Si pa egzanp tranche a long, epi si ou abite lwen oswa w'ap travay lwen sant desante a, ou dwe kòmanse byen bonè, anvan pwoblèm nan vin pi grav. Si sant desante a pa twò lwen, ou gen plis tan.



Li ka difisil pou w deside ki lè pou w chache jwenn asistans. Lè gen dout – chache jwenn asistans medikal.

Konnen kilè pou w aji lakay

Fanmsaj ki travay lwen sant desante dwe kèk fwa bay tretman ki pi byen mache nan yon sant desante oswa nan lopital – paske fanm nan bezwen tretman an sou plas. Pa egzanp, si yon fanm ki nan yon bouk izole fè kriz eklamsi, fanmsaj la dwe ba li silfat de magn ezyòm, yon medikaman ki pa toujou bon pou bay la kay.



Answit, fanmsaj la dwe mennen fanm nan nan yon sant medikal touswit, paske kriz la ak tout magn ezyòm nan se de bagay ki danjere anpil.



ATANSYON! Nan liv sa a, nou eksplike kòman pou nou fè kèk pwosedi ki ka danjere si yo pa fèt byen, tèlke: kòman pou fè yon egzamen basen, kòman pou mete yon esterilè, oswa kòman pou koud you dechiri.

Se pa sèlman li pou nou li pwosedi sa yo. Anvan w fè anpil pwosedi ki nan liv sa a, gade dabò gade pou wè kòman lòt travayè lasante ki gen eksperyans fè yo. Answit, pratike pandan ke yon moun ki antrene pou sa ak ki gen eksperyans ap asiste w. Se sèlman lè w fin pratike anpil fwa konsa ke l'ap san danje pou w fè pwosedi sa yo pou kont ou.

Cache jwenn rasin pwoblèm lasante yo

As a midwife, you must find and treat the immediate causes of health problems. For example, think again about the story of Celeste and Elena. The immediate cause of Elena being tired was her anemia. If she eats more iron-rich foods or perhaps takes iron pills, her anemia will probably get better. By looking at the immediate causes, we can help people feel better or save their lives, especially in emergencies.

Treating the immediate cause is very important. But if we only treat the immediate cause, the problem may not truly be solved. It may come back, or it may affect others in the community. Sickness usually results from a combination of causes — direct causes, like germs or lack of iron, and less direct root causes that may be social, economic, or political. By finding these root causes, you can prevent problems from happening again.

In the case of Elena, there are many root causes of her problem. Celeste could probably figure out some of those causes herself. Better yet, she and Elena could meet with a group of people from the community to help think about the problem, because anemia is not just Elena's problem, it is a community problem.

*Poukisa Elena te fatige?
Men poukisa li te fè anemi?
Men poukisa li pat manje bagay
ki gen ase fè?
Men ki lòt rezon ankò?
Men poukisa li pa't kapab achte
vyann?*

*Paske li te fè anemi.
Paske li pa't manje ase manje ki gen fè.
Li pa't konnen ki manje ki gen fè.
Li pa't kapab achte vyann.
Paske li pòv. Li menm ak mari l travay latè, epi yo
pa fè anpil kòb.*

(Gen kèk kesyon
ki pa gen repons fasil!
Sa ka lakòz gwo
diskisyon.)



Aprè ke w fin mande tout moun « poukisa » nan fason sa a pandan kèk tan, w ap jwenn ke gen anpil rezon ki fè Elena te gen anemi. Egzèsis sa a moutre tou poukisa anemi se pa yon pwoblèm pou Elena sèlman, men pou pifò fanm nan bouk la. Avrèdi, se yon pwoblèm pou pifò fanm nan pifò bouk ak nan kominote pòv patou nan lemond.

Chache byen pou ou ka evite plis pwoblèm

Chache byen pou ou ka evite plis pwoblèm


Chache jwenn pwoblèm lasante yo depi nan rasin vle di byen chache wè tout aspè nan lavi moun yo ki lakòz pwoblèm nan.

Pa egzanzp: yon fistila se yon konplikasyon ki terib anpil nan kèk akouchman. Lè yon tranche twò long depase, tisi ki andedan vajen fanm nan ka dechire pa anndan epi, kite yon twou nan blad pipi (vesi) fanm nan. Sa lakòz gwo pwoblèm lasante epi gen pipi ki toujou ap degoute. Pou evite fistila, evite tranche ki twò long. Si yon fanm gen tranche plis ke yon jou, mennen l nan yon sant desante oswa nan yon lopital.

Sepandan lè w gade pi byen nan tout rezon ki lakòz yon tranche long, nou ka fè plis efò pou evite fistila ak lòt kalite pwoblèm ki parèt menm jan.

- Lè jèn tifi yo pa byen manje, yo grandi ak zo ki pa byen devlope (menm basen yo rete tou piti). Yon ti basen ki pa nòmal ka lakòz yon tranche long. Kèk jèn tifi pa manje ase paske paran yo pa ka achte manje. Gen lòt ki pa manje ase paske yo pa konsidere ke yo enpòtan menm jan ak ti gason.
- Gen kèk jèn tifi ki fè pitit twò bonè. Jèn tifi yo gen tranche long, epi tranche yo konplike paske kò yo pa fin byen devlope. Sak fè anpil tifi tonbe marye epi yo fè pitit bone se paske se koutim kominote y'ap viv la; oswa paske paran yo pòv epi yo pa ka pran swen yo. Oswa se pou tou de rezon sa yo.
- Fanm ki pa an bòn sante gen plis chans pou yo gen tranche ki long epi ki konplike. Nenpòt moun ka gen pwoblèm lasante, men sa yo ki pa jwenn menm yon senp swen lasante, yo pi an danje.
- Fanm k'ap viv an deyò ak fanm pòv pa ka jwenn asistans medikal twò fasil nan ka dijans.

Pou evite fistila, èske nou dwe senpman mennen fanm yo lopital pi vit, oswa èske nou ka travay tou pou chanje kondisyon ki lakòz tranche long, pa egzanzp jèn tifi ki mal nourri, maryaj ak akouchman twò bonè? Kòman pou nou travay pou'n elimine rasin ki lakòz pwoblèm sa yo – pou elimine povrete ak move tretman kay fanm ak jèn ti fi yo?




Pote chanjman nan kominote ou ap viv la pou evite pwoblèm lasante

Nou ka evite pifò lanmò ak malè ki rive pandan fanm yo ansent oswa pandan y ap akouche si nou chache jwenn pwoblèm nan epi trete li depi nan rasin. Sepandan pou sa fèt, yon kominote dwe gade pi lwen ke rezoud pwoblèm chak fanm pou kont yo. Gade wè ki pwoblèm ki rive pi souvan epi ki afekte tout fanm lè yo ansent ak lè yo akouche. Answit sèvi ak kapasite chak manm nan kominote a pou pwoteje sante fanm yo.

Fanmsaj ki gen plis eksperyans nan akouchman ka di lòt moun nan kominote a poukisa anpil fanm ap mouri oswa pwoblem yo gen pandan akouchman. Fanmi, fanmsaj, ak lòt travayè lasante epi manm kominote a ka travay ansanm pou yo pote chanjman, swa piti oswa gwo, pou yo ka amelyore sante pou tout moun. Lè chak moun nan kominote a pran pa nan zafè lasante, nou ka fè pi plis ke sa yon sèl fanmsaj ka fè.


Kijan pou w kòmanse

Lack of healthy food, dirty drinking water, lack of transportation in emergencies, and alcohol abuse are a few of the problems that contribute to serious health problems for women. These can all be addressed when they are not considered individual problems and when the whole community works together for change. But it can be difficult to know where to start. A good first step is to meet with community members to talk. If you teach birth classes to pregnant women, meet with other midwives, or are a member of a social or church group, you can use that group to solve problems.



Chapit 2: Trete pwoblèm lasante

Premyèman, **pale de pwoblèm** w ap rankontre yo.



Aprè ke w site kèk pwoblèm ki nan kominote a, chwazi sou kisa nou pral travay anvan. Li ka se pwoblèm ki pi komen an, pwoblèm ki pa twò grav la, oswa pwoblèm ki pi fasil pou rezoud la. Fè yon lis de tout bagay gwoup la panse pou travay sou pwoblèm nan. Answit, gade plis sou solisyon ke moun nan gwoup la ka ede jwenn.



Fè yon plan. W'ap bezwen deside kilès k'ap fè chak travay, kisa y'ap bezwen pou yo fè l, epi ki lè y'ap fè l.

Mwen ka peye pou achte semans yo, sepandan nou tout dwe travay ansanm pou plante epi pou pran swen jaden an.




Asire ke nou reyini ankò pou pale de kòman plan a ap mache.

Grenn yo ap pouse byen. Tout moun patisipe youn apre lòt pou wouze yo.

M pale ak mèt boutik la, li di li pap vann pwa – li pa fè ase benefis sou yo.

Pou l yo kòmanse ponn ze.

Annou tout ale wè mèt boutik la ansanm. Si nou di l n'ap sispann achte tout bagay nan men l, li ka dakò ak sa nou mande l fè a.



Fanmsaj ka pote chanjman

Fanmsaj yo ak lòt fanm y ap sèvi yo ka rankontre ak nenpòt pwoblèm lasante, kòmanse depi nan yon pwoblèm senp, tankou vomisman rive nan pwoblèm grav tankou emoraji. Sepandan lè fanmsaj cheche byen pou yo dekouvri rasin pwoblèm yo, epi lè yo sèvi ak bon jijman epi ak sipò kominote a, yo ka rezoud prèske tout pwoblèm, menm anpil nan sa ki ta pi difisil yo.